*Бул мақала Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў Жәмийетлик фонды тәрепинен қаржыландырылған*

*«Ҳәрекетлер стратегиясын жасларымыз билиўи керек!» жойбар шеңберинде жәрияланды.*

# ЖАСЛАР АРАСЫНДА ЖЫНАЯТШЫЛЫҚТЫҢ АЛДЫН АЛЫЎДА МӘҲӘЛЛЕНИҢ ОРНЫ ҲӘМ РОЛИ

**А.Реймбаев** – *ассистент оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ёшлар, маҳалла, жиноятчиликнинг олдини олиш, тажриба, одоб-аҳлоқ, тарбия, фармон, педагогика.

**Ключевые слова:** молодёжь, органы самоуправления граждан, предотвращение преступности, опыт, учтивость, воспитание, указ, педагогика.

**Key words:** youth, self-government institutions of citizens, prevention of crime, experience, courtesy, education, decree, pedagogics.

Мәмлекетимизде мәҳәлле институтының абыройын арттырыў тек ғана социал-экономикалық емес, ал, сиясий, тәрбиялық ҳәм үлкен руўхый әҳмийетке ийе болған тийкарғы ўазыйпалардың бири. Елимизде пуқаралық жәмийетин раўажландырыўда, жынаятшылықтың алдын алыўда мәмлекеттиң исенимли сүйениши ҳәм тәсиршең күши болып хызмет етиўи ушын зәрүр шараятлар жаратыў бағдарында кең көлемли илажлар әмелге асырылмақта.

Елимизде «Ҳуқық бузарлықлар профилактикасы ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў системасын буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы қарары қабыл етилгеннен кейин Ҳүрметли Президентимиздиң жәмийетте жынаятшылық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў, бул бойынша профилактикалық ис-илажларды күшейттириў тек ғана тийисли уйымлар емес, ал, кең жәмийетшилик ҳәм халықтың жуўапкершилигин арттырыў бойынша айтқан сын пикирлери мәкан пуқаралар жыйынлары ақсақалларының алдына да үлкен жуўапкершиликли ўазыйпаларды қойды.

Әсиресе, 2017-жылда мәҳәлле институты жумысларында да түпкиликли өзгерислер болып, жәмийетимизде өз ара ҳүрмет, мийрим-шәпәәт ҳәм аўызбиршилик орталығын қәлиплестириў, миллий қәдириятларды қәстерлеп сақлаў жәнe раўажландырыўда мәҳәллелердиң орны күннен-күнге артып, халықтың шын мәнисиндеги мәсләҳәтшиси ҳәм көмекшисине айланып бармақта.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-февральдағы «Мәҳәлле институтын буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы Пәрманы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди нәтийжели шешиўдеги ролин арттырыў, пуқаралар жыйынларының улыўма мәплерин сәўлелендиретуғын ассоциацияға бирлесиў ҳуқықын жүзеге шығарыў, олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў жәнe мәмлекетлик уйымлар ҳәм пуқаралық жәмийети институтлары менен өз ара бирге ислесиўин буннан былай да раўажландырыўға қаратылған шөлкемлестириўшилик - ҳуқықый илажларды белгилеп берди.

Мине усыннан келип шығып, мәҳәллелерде «Мәҳәллемиз жынаятшылыққа қарсы турады», «Мениң мәҳәллем жынаятшылықтан аўлақ» ҳәм басқа да сүренлер астында түрли кешелер өткерилмекте. Ҳақыйқатында да, аймақта жүз берип атырған ўақыялардан өз ўақтында хабардар болсақ, бийпәрўалықтан аўлақ болып, шаңарақларда, мәҳәллелерде журтымыздың тынышлығы ҳәм раўажланыўына мүнәсип үлес қосыўға умтылсақ, әлбетте, жынаятшылықлардың азайыўы сөзсиз. Соның менен бирге, мәҳәлле аймағында ҳуқықбузарлықлар ҳәм жынаятшылықтың алдын алыў бойынша аймақ сақшылары тәрепинен нәтийжели жумыслар алып барыў оғада әҳмийетли.

Бүгинги күнде республикамызда 405 «Мәкан сақшысы» жәмийетлик дүзилмеси бар болып, оларға 2000 ға жақын ағзалар бириктирилип, олар арасынан ишки ислер бөлимлерине жетик қәнигелер таярлап бериў мақсетинде Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысларын муўапықластырыў жумыслары алып барылмақта. Сондай-ақ, 2017-жыл даўамында жумысларда жақсы нәтийжелерге ерискен, ҳуқықбузарлық ҳәм жынаятшылықтың алдын алыўда ҳәм олардың ашылыўында жәрдем бергени ушын 19 «Мәкан сақшысы» жәмийетлик дүзилмеси басшысы хошаметленип, 55 ине ишки ислер бөлимине жумысқа кириўге жоллама берилген болса, Әмиўдәрья ҳәм Нөкис районларында олардың мийнетлерин баҳалаў мақсетинде велосипед ҳәм басқа да қымбат баҳалы саўғалар менен сыйлықлаў тәжирийбеси жолға қойылды [1].

2017-жыл ноябрь айында республикамыздың барлық қала ҳәм районлық Кеңeслери, тийисли тараўлар менен биргеликте барлық пуқаралар жыйынларында «Мәҳәллелерде жынаятшылық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыўға қаратылған ис-илажларды әмелге асырыў механизмлери» атамасында өткерилген оқыў-семинарлар болып өтти. Өткен жыл даўамында жәмийетлик шөлкемлер менен өз-ара бирге ислесиўлер нәтийжесинде 405 мәҳәллениң 107 мәҳәллесинде жынаят жүз бермегени, әлбетте, бул жақсы нәтийже [2]. Деген менен, Ҳүрметли Президентимиз атап өткениндей, ҳәр бир пуқараның санасында «Мениң мәҳәллемде жынаят болмаўы керек» деген сезимди қәлиплестириў бүгинги күнги ең баслы ўазыйпамызға айланыўы шәрт.

Бирге ислесиўши шөлкемлер менен халқымыз, әсиресе, келешегимиз болған жаслар арасында бийпәрўалық, өз жумысларына немқурайдылық сыяқлы иллетлердиң унамсыз ақыбетлерин үгит-нәсиятлаў бойынша қала ҳәм районларда ушрасыў ҳәм сәўбетлесиўлер өткерилип барылыўы зәрүр. Жәмлеспеген жаслар, ҳәр қыйлы диний ағымға кирген жаслар арасында профилактикалық сәўбетлесиўлер өткериўде мәҳәллениң орны айрықша. Буларға имам хатиблер, нураныйлар, пуқаралар жыйынлары комиссиялары ағзаларының бириктирилиўи нәтийжесинде диний экстремистлик ағым қатламына тийисли пуқаралардың дизимнен шығарылыўы жылдан жылға унамлы нәтийжесин бермекте.

Президентимиздиң көрсетпеси тийкарында «Мениң мәҳәллемде жынаят болмаўы керек» деген идеяны аймақ турғынларының ҳәр бирине терең түсиндириў үлкен әҳмийетке ийе. Жәнe де аймақ тынышлығын сақлаўда жәмлеспеген жасларды иске тартыў оғада әҳмийетли ўазыйпа болып табылады. Аймақтың тынышлығын сақлаўда, жасларымыз арасында жаман иллетлердиң алдын алыўда аўыл ақсақалларының, көше бийлериниң орны айрықша. Көпшиликке мәлим, Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Мәҳәлле институтын буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы Пәрманы мәҳәлле институтын халыққа ең жақын структураға айландырыў ҳәм олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеўге айрықша итибар қаратылған.

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күнде мәмлекетимизде жаратылып атырған бәрше имканиятлар, жаңалықлар, өзгерислер тыныш ҳәм абадан турмысты тәмийинлеўге қаратылғаны менен әҳмийетли болып, жоқарыда атап өтилген Пәрман менен тастыйықланған Комплексли илажлар бағдарламасында көрсетилген ўазыйпаларды нәтийжели орынлаўда, жаслар арасында жынаятшылыққа қарсы гүресиўде пуқаралық институтлары соның ишинде мәҳәллениң орны айрықша болып табылады.

**Әдебиятлар**

1. Турдыбекова С. Мениң мәҳәллем жынаяттан аўлақ. Сайт «erkinkarakalpak.uz». 17.01.2017.
2. Романов Т. Мақсетимиз – халықтың сүйенишине айланыў. Сайт «erkinkarakalpak.uz». 06.02.2018.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада ёшлар орасида жиноятчиликнинг олдини олишда маҳалла институтининг роли ва аҳамияти ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье речь идёт о роли и значимости института махалли в предотвращении преступности среди молодёжи.

**SUMMARY**

The article is devoted to the role and importance of the institute of mahalla in prevention of crime among the youth.